
American Heart Association.

Dyabèt, Kisa li ye?



Plis pase **37 milyon Ameriken** genyen yon dyabèt dyagnostike oswa ki pa dyagnostike[1].

Dyabèt se yon maladi ki lakòz twòp sik nan san (nivo sik nan san). Nivo sik ki wo sa yo ka fè kò a mal nan diferan fason, epi dyabèt la ogmante risk pou maladi kè oswa konjesyon serebral.

Kijan li fonksyone: Kò ou pwodui epi sèvi ak ensilin (yon òmòn) pou kenbe nivo sik nan san ou nan nivo nòmal la. Lè ou gen dyabèt, kò ou pa pwodui ase ensilin oswa li pa ka itilize ensilin avèk efikasite. Sa lakòz yon ogmantasyon pa eksè nivo sik nan san.

Sentòm komen yo



Koupe/blesi ki pran tan pou sikatrize



Santi swaf dlo souvan



Gwo fatig



Pipi souvan



Vizyon twoub

Si w gen dyabèt, gen anpil bagay ou ka fè.

Kòmanse pa pran yon randevou ak doktè ou pou fè yon plan.

1. https://www.cdc.gov/diabetes/basics/quick-facts.html

© 2019 American Heart Association, Inc., yon òganizasyon 501(c)(3) ki pa pou fè pwofi. Yo entèdi itilizasyon ki pa otorize. DS19617 8/22